

POU: Depatman Sèvis Imen
Biwo Odyans ak Apèl
P.O. Box 2675
Harrisburg, Pennsylvania, 17105-2675

KK: Non pwogram MH/ID konte a: _____
(Presize)

DE: _____
(Non endividi/reprezantan legal)

(Adrès postal)

(Telefòn lajounen) (Nimewo faks)

Lamenm mwen mande yon opòtinite pou yon odyans ekitab devan Depatman Sèvis Imen, Biwo Odyans ak Apèl. Mwen konprann kit mwen fè demann sa a ou non, pitit mwen an gen dwa pou l resevwa sèvis ki otorize nan IFSP a, epi yo pral finanse sèvis sa yo avèk revni non-renonsyasyon, ikonpri asistans medikal, si pitit mwen an kontinye kalifye pou asistans medikal.

NON TIBEBE OSWA TIMOUN PITI K AP RESEVWA SÈVIS YO:	NIMEWO AKSÈ TIBEBE OSWA TIMOUN PITI AN:
M AP FÈ APÈL A AKSYON KI PRAL SITE LA A:	

Tanpri tyeke youn nan bagay anba a ki endike tip odyans ou vle a:

- Mwen vle yon odyans pa telefòn.
 Mwen vle yon odyans fasafas.

Tanpri endike si w bezwen yon entèprèt oswa lòt aranjman epi ki tip entèprèt oswa aranjman ou bezwen.

- Mwen bezwen yon entèprèt oswa aranjman ki site anba a:

(Siyati)

(Dat)

Enfòmasyon konsènan odyans ak apèl

Fanmi tibebe ak timoun piti ki gen andikap grav gen dwa pou resevwa enfòmasyon, chwa ak sèvis dapre renonsyasyon Medicaid pou tibebe, timoun piti ak fanmi yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou renonsyasyon an ak sou dwa ou genyen, tanpri kontakte kowòdonatè sèvis ou a.

Si w vle fè demann pou yon apèl, tanpri ranpli fòm HS 457 A epi refere w nan enfòmasyon sa a:

1. Ofisye odyans lan pral fè w konnen dat odyans lan.
2. Ou ka genyen yon odyans pa telefòn oswa fasafas. Tanpri ranpli seksyon sa a nan fòm nan pou di sa w prefere.
3. Si w pa gen yon telefòn, ou ka aranje w pou itilize yon telefòn pwogram MH/ID konte a oswa telefòn yon zanmi, fanmi oswa vwazen.
4. Yo pa pral akòde w yon odyans si aksyon w ap fè apèl pou li a se akòz lwa regleman oswa politik eta oswa federal, ki nesosite yon chanjman nan tip sèvis ki disponib pou tibebe a oswa timoun piti an.
5. Nan odyans lan, ou pral genyen opòtinite pou temwaye devan ofisye odyans lan epi prezante prèv, epi bay yon temwen pou sipòte apèl ou a.
6. Ou ka reprezante tèt ou nan yon odyans, oswa ou ka fè nenpòt lòt moun reprezante w.
7. Ou ka gen yon entèprèt oswa lòt aranjman ou bezwen. Asire w ou endike sa w bezwen sou fòm HS 457 A a.
8. Ou gen dwa pou yon konferans ak pwogram MH/ID konte a pou diskite sou enkyetid ou genyen anvan w fè demann pou apèl ou a epi anvan yo tande apèl ou a si w kontakte kowòdonatè sèvis ou a nan yon espas 10 jou aprè yo fè w konnen desizyon an. Si w pa satisfè ak rezilta konferans sa a, ou toujou gen dwa pou yon odyans ekitab avèk depatman an si w fè demann pou apèl ou a nan yon espas 10 jou aprè w fin reyini avèk pwogram MH/ID konte a.
9. Ou dwe fè demann pou apèl ou a nan yon espas 30 jou aprè desizyon an oswa aprè yo fin pran aksyon an. Si w ap fè apèl a yon desizyon pou redui, sispann oswa tèmine elijiblite oswa renonsyasyon pou sèvis ki finance, ou dwe fè demann pou apèl ou a nan yon espas 10 jou pou renonsyasyon pou sèvis ki finance oswa elijiblite pou kontinye desizyon apèl ki ann atant lan.

POU: Manm fanmi

Ou gen dwa pou yon odyans ekitab ak apèl devan Depatman Sèvis Imen, Biwo Odyans ak Apèl si pitit ou a pwobableman ap bezwen nivo swen ki presize nan renonsyasyon Medicaid depatman an pou tibebe, timoun piti ak fanmi.

Ou gen dwa pou yon odyans ekitab ak apèl si nenpòt nan bagay sa yo te rive.

1. Yo pa t ba w enfòmasyon konsènan renonsyasyon an, ikonpri enfòmasyon sou fason pou vin enskri.
2. Yo pa t ba w chwa pou gen yon detèminasyon sou nivo swen pitit ou a.
3. Yo pa t ba w chwa pou resevwa renonsyasyon sèvis finanse IFSP oswa ICD/ID/ORC.
4. Yo te refize ba w renonsyasyon sèvis finanse IFSP ou te chwazi a.
5. Yo te refize ba w yon renonsyasyon pou founisè finanse ou te chwazi a, oswa yo pa satisfè ak yon desizyon pou refize, sispann, redui oswa tèmine sèvis IFSP pou pitit ou a ki finanse dapre renonsyasyon Medicaid.

Si w vle fè demann pou yon apèl, tanpri gade lòt enstriksyon sou do fòm sa a epi ranpli epi poste fòm HS 457 A ki atache a bay:

Bureau of Hearings and Appeals (Biwo Odyans ak Apèl)
P.O. Box 2675
Harrisburg, Pennsylvania 17105-2675
Telefòn: 717-783-3950
Nimewo faks: 717-772-2769

NOTE: Si sèvis yo otorize nan IFSP aktyèl timoun nan, fanmi an **pa bezwen fè apèl** pou l prezève sèvis sa yo.

RAPÈL: Apèl ou a **dwe fèt nan yon espas 30 jou aprè yo fin ba w notifikasyon** sou desizyon oswa aksyon an. Si w ap fè apèl a yon desizyon pou redui, sispann oswa tèmine elijiblite oswa renonsyasyon pou sèvis ki finanse, ou **dwe fè demann pou apèl ou a nan yon espas 10 jou pou renonsyasyon pou sèvis ki finanse oswa elijiblite pou kontinye** desizyon apèl ki ann atant lan.